ғазалларининг юзага чиқишига бевосита устозлик қилган, десак хато қилмаймиз. Юқорида келтирилган мухаммас фикримизнинг яна бир далили саналади.

Ғарибийнинг форсийда ёзилган девонида алиф, те, дол, шин, коф, лом, мим, нун, вов, ва ё радифларида ёзилган. 37 ғазал, бир қитъа ва мухаммасдан таркиб топган ушбу мажмуада 557 мисра шеър мавжуддир.

Шох Ғариб Мирзо темурий ижодкорлар анъанасини давом эттирган ҳолда ўзига хос бўлган 2 девонида яъни ўзбек тилидаги шеърий девонида асосан алиф, те, ре, зе, шин, поф, чоф, лом, мим, нун, ҳо, ё радифларидаги 76 ғазал, 4 мухаммас (3 таси Алишер Навоий ғазалига, ҳамда 1 таси Ҳусайний ғазалига)дан иборат бўлиб, у 1210 мисра шеърни ташкил қилади.

Ушбу ўзбек тилидаги девон 50 саҳифадан қуйидаги ғазал матлаъси билан бошланади:

Дурди ишқинг ҳаддин ошди, айлагил дармон менга
Чун сен-ўқсен, эй парипайкар йигит жонон менга

Шоҳ Ғариб Мирзо девонининг ушбу қисми ҳошиясида форс-тожик ижодкорларидан Восили,Осифи, Мавлоно Махдумзода ва Асмати Бухорийларнинг бир неча байтларидан намуналар ҳам мавжуд. Девон 21,5 га 12,5 см ўлчамда бўлиб, бир неча устунда такма-так унчалик чиройли бўлмаган ёзув билан нашр этилган. Девоннинг ҳар бир саҳифаси ўртача 10-14 байтдан иборат. Девон яхши сақланмаганлиги учун баъзи сўзлар ўчиб кетган. Котиб ҳам нусхани кўчираётганда диққат қилмасдан баъзи бир хатоликларга йўл қўйган. Масалан, девонда айрим сўзларни тушириб қолдирган, (64 б.) баъзан байт ёки мисраларни ёзмаган, айрим жойларда эса мукаррар байтларни лозим бўлмаган жойларда ёзиб кетган. Ўзбек тилида ёзилган девоннинг котиби Мавлоно Шукрулло исмли киши эканлиги манбаларда кўрсатилгандир.

Шоҳ Ғариб Мирзо-Ғарибий «Девон»ини ўрганар эканмиз уни бевосита ғазалнавис шоир деб айтиш мумкин. Зеро унинг девонида 113 ғазал, турли жанрларда ёзилган шеърлар, 1 қитъа ва 5 мухаммас мавжуд эканлигини юқорида кўриб ўтдик. Шоҳ Ғариб Мирзо ижоди намунаси бўлган ғазалларга назар ташлар эканмиз, унинг ғазаллари асосан 7 байтдан бўлиб, баъзан кам ёки кўп бўлиши ҳам мумкин. Ғарибий ғазалларида ошиқ аҳволи тараннум этилган ва у бевосита ўқувчини ўзига жалб қила олади.

Шоҳ Ғариб Мирзо ижодида яратилган ғазалларнинг жанр хусусиятлари ва мавзу кўлами ўзига хос бўлиб, алоҳида тадқиқ этишни тақозо қилади. Бу эса ўзбек адабиётшунослиги олдидаги навбатдаги вазифалардан биридир.

**Адабиётлар**

1. Исматуллаев Ҳ. «Шоҳ Ғариб Мирзо» / Миллий тикланиш / рўзномаси 2000 йил, 24 август.
2. Ёркин Ш. «Девони Ғарибий дар Ўзбекистон» / Овози тожик / рўзномаси. 2000 йил, 21 октябрь.
3. Навоийнинг ижод олами. Мақолалар тўплами. 2001. – Тошкент: Фан» (С.Ғаниева «Алишер Навоий ва ижодкор темурий шаҳзодалар) 79-84-б.
4. Алишер Навоий «Фарҳод ва Ширин». – Тошкент: 1989, 345-350-б. Ғафур Ғулом номидаги адабиёт ва санъат нашриёти.
5. Алишер Навоий «Мажолис-ун нафоис». – Тошкент: 1948, «Ўзбекистон давлат нашриёти», 134-б.
6. https://ziyouz.uz/ozbek-sheriyati/ozbek-mumtoz-sheriyati/shoh-garib-mirzo/

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада номи ҳали бугунги кун кўпчилик китобхонларига нотаниш бўлган Темурий шаҳзодалардан бири бўлган Шоҳ Ғариб Мирзо ҳаёти ва ижоди таҳлил қилинади. Унда Германиянинг Ҳамбург кутубхонасида сақланаётган Темурий шаҳзода Шоҳғариб Мирзо – Ғарибийнинг шоирлиги ва шеърий девони, яратган ғазалларининг жанр хусусиятлари ва мавзу кўлами ёритилган.

**РЕЗЮМЕ**

Имя Шохгариба Мирзо – одного из принцев тимуридов на сегодняшний день известно немногим читателям. Несмотря на то, что было известно, что принц Шохгариб Мирзо Гарибий был поэтом и у него есть сборник стихов, о существовании этого сборника представители науки не знали. Этот Диван на сегодняшний день хранится в Гамбургской библиотеке Германии.

**SUMMARY**

The name Shokh Garib Mirzo is one of the princes of the Timurids today is hot well known to the readers. Despite the fact that it was known that Prince Shokh Garib Mirzo Garibiy was a poet and he had a collection of poems, that the representatives of science did not know about the existence of this collection. This Divan is currently kept in the library of Hamburg library of Germany.

## ТАРИЙХЫЙ ҚОСЫҚЛАРДА ТАРИЙХЫЙ ҲАҚЫЙҚАТЛЫҚ

(Тарийхый қосықларда Хорезм журты темасы мысалында)

**Е.Е.Қанаатов –** *докторант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** Хоразм давлати, қорақалпоқлар, Чингизхон истилоси, тарихий қўшиқ, халқ оғзаки ижоди.
**Ключевые слова:** Хорезмское государство, каракалпаки, нашествие Чингисхана, историческая песня, фольклор.
**Key words:** Khorezm state, Karakalpaks, Genghis Khan invasion, historical song, folklore.

Қарақалпақлар тарийхын үйрениуде де халық тарийхый қосықларының хызмети үлкен. Туўры, тарийхый қосықлар тарийхый ўақыялар шеңберинде дүньяға келип, тарийхый реаллық тийкарында пайда болса да оны ҳақыйқый тарийх деп болмайды. Себеби, халық арасынан шыққан талант ийелери – шайырлар, жыраўлар, бақсы ҳәм қыссаханлар тәрепинен дөретилип, ҳәр бир дәўирдиң раўажланыў өзиншеликлерине қарап турмыслық ўақыялардың гейпара тәреплери қосылып жетилисип барады яки керисинше, әҳмийетлилигин жойтқан тәреплери ядтан шығарылып жибериледи.

Қарақалпақ халық тарийхый қосықларының көпшилигинде тийкарғы тема – елдиң бөлинип, жаңа мәканларға көшкен пайытындағы ата мәкан менен айра түсиўи, қыймай хошласыўы. Мәселен, “Ормамбет бий” толғаўында Едил-Жайық, “Посқан ел” толғаўында ата журты Түркистан жырланады. Айтайық, “Байсынға” қосығы. Бул қосықта Шыңғыс ханның Хорезмшаҳлар пайтахты Үргеништи басып алғанынан кейин Хорезм журтынан халықтың бөлинип көшиўи сәўлеленген.

“Байсынға” халық тарийхый қосығы дерлик 800 жыл даўамында аўыздан аўызға көшип халық ядында жасап келген. Қосықта Хорезм пайтахты Үргениш бүлингеннен кейин халықтың қоңыратлар мәканы – Байсынға (Байсын ҳәзирги Сурхандәрья ҳәм Қашқадәрья ўәлаятлары аймағындағы тарийхый орын– Е.Қ.) қарай жолға шығыўға атланған пайыты сүўретленеди:

Дин Хорезмниң бүлгини,
Заман ақырдың болғаны,
Пайманамыздың толғаны,
Нетип барамыз Байсынға?
Зорлық зәҳметинен ел көшер,
Шийрин жаның отқа түсер,
Йығлай-йығлай күниң кешер,
Нетип барамыз Байсынға? [1:325]

Қарақалпақ тарийхый қосықлардың пайда болыўы ҳаққында гәп болғанда көбинесе, Ноғайлы дәўири ҳәм Түркистан дәўирлери еске алынады. Оған “Ормамбет бий” ҳәм “Посқан ел” толғаўлары мысал бола алады. Қарақалпақлардың Едил, Жайық дәрьясы бойында бүлгиншиликке ушырап, сол жерлерди таслап, Түркистанға – Жаңадәрьяға көшкенлиги ҳаққындағы тарийхый жыр (“Ормамбет бий”толғаўы) ҳәм қарақалпақлардың Түркистаннан посып, Аралбойы, Хорезм диярына көшкенлиги ҳаққындағы Жийен жыраў жырлаған толғаў (“Посқан ел”толғаўы) [2:57].

Усы орында жыр менен қосықтың айырмашылықлары ҳаққында да тоқталған мақул.

Тарийхый жыр менен тарийхый қосықтың парқы бар. Тарийхый жырдың өзине тән атқарыў өзиншелиги, мазмуны ҳәм формасы жағынан эпикалық шығармаларға жатады. Онда эпосқа тән барлық белгилерди табыў мүмкин. Тарийхый жырларды жыраўлар атқарады. Мәселен, «Ормамбет бий» ҳәм «Посқан ел» толғаўлары жыраўлар (қобыз саз әсбабында) арқалы бүгинги күнге шекем жетип келген.

Қосықлар болса лирикалық характерге ийе. Оны бақсылар (дуўтар саз әсбабында), қыссаханлар ҳәм де эпиўайы халық та атқарады.

Усы тәреплерине көре, тарийхый қосықлар өз алдына жанр саналады. Онда тарийхта ҳақыйқат болған ўақыялар жырланады.

“Байсынға” қосығындағы ўақыяларда сол ўақыттағы тарийхый ўақыядағы халықтың турмыс жағдайын көрсетеди. Мәселен, төмендеги қатарларда Шынғыс хан ләшкерлериниң Үргенишке бастырып кириў пайтындағы халықтың турмысы сәўлеленеди:

Душпан алды журтты қоршап,
Дуўамыз болғай мустажап,
Жарлылардың ҳалы қарап,
Нетип барамыз Байсынға? [1:326]

Қарақалпақлар, мине, усы урысларда душпанға қатты турып гүрескен. “Батыс Түркистанда (Хорезмде – Е.Қ.) қарақалпақлар менен қыпшақлар монғолларға қарсы қатаң урыслардан кейин басийди” [3:222].

Монғоллар қарсылық көрсеткенлерди аяўсыз қырған. Абулғазының жазыўынша, Шынғыс хан қаңлы урыўының көпшилигин қырып таслаған [4:34-35].

Үргениш халқын қырғаннан кейин Шынғыс хан суў тасқынынан сақлап турған Әмиўдәрьяның жағасындағы дамбаны бузып жиберген, шәҳәр суў астында қалып кетеди. Хорезмниң көплеп каналлары истен шығады. Әмиўдәрьяның суўлары енди Арал теңизине емес, ал Сарықамыс көлине қарай аға баслайды. Үргеништен баслап Арал теңизи аралығындағы жерлерге суў бармай қалады.

Әмиўдәрьянын суўы теңизге қуймай қалғанлығы ақыбетинде XIV әсирдиң басларында-ақ дәрьяның теңизге қуятуғын жерлери халықтан босап қалды. Арал теңизи суўлары болса қайтып кетип, теңиз орнында саҳралық пайда болады. Саҳралардан ушқан қумлар көплеген тарийхый қалаларды көмип таслайды. Әмиўдәрья Сарықамысқа, Сарықамыс арқалы Узбойға аққан дәўирлерде, яғный еки-үш әсир даўамында Әмиўдәрьяның төменги бөлиминде халық аз болған.

“Түлкишек” қарақалпақ балалар қосығындағы:

... Теңиз суўын қурытты,

Ақ шабағын ширитти [5:474], деген қатарлары, мине сол дәўирдеги экологиялық жағдайдан дәрек береди.

“Аралдың қурыўы Әмиўдәрья бойларының тәбиятына, ондағы тиришиликке кери тәсир көрсетти. Мине, сол себепли XIII-XIV әсирлерде қарақалпақлардың үлкен бир топары Аралдың қубла тәрепинен ҳәм Әмиўдәрьяның төменги бөлиминен көшип кетиўге мәжбүр болған. Қарақалпақлардың бир қаншасы Әмиўдәрьяның жоқарғы ағысына қарай, яғный Қашқадәрья ҳәм Сурхандәрья тәрепке кетеди...” [6:16].

Бул ҳаққында кейинги дәўирлер де жазылған “Қарақалпақ” атлы халық тарийхый қосығында былай делинеди:

Қаралпақтың қонышлары байтақты,
Шәңғиз қамал етти уллы пайтахтты,
Елли мың қол менен Гөнени шапты,
Зулымлыққа көнбей көшти қаралпақ.
Қалаға от берди кешиў-сәҳәри,
Нешше күн өртенди орда шәҳәри,
Саўашқа түскенниң мерт болды бәри,
Не батырлар шейит өтти қаралпақ.
Бийгуна төгилди адамның қаны,
Жаўызлардың жоқдур инсап-ийманы,
Себил қалды Жийделибайсын бағлары,
Баба журтын таслап кетти қаракалпақ. [7]

Бундағы «Гөне» - Хорезм пайтахты Үргениш қаласы. Хорезм пайтахты биринши мәрте монғол басқыншылары тәрепинен қыйратылады. Лекин, көп өтпей урыс таўсылып, тынышлық орнайды. Қарабаханаға айланған қаланың қасында қайтадан жаңа пайтахт шәҳәр бой тиклейди.

Ҳәзир бул жерди Гөне Үргениш деп атайды. Гөне Үргениш қаласы Түркменстан Республикасына қарайды.

Қарақалпақлардың Хорезм журтын таслап кетиўине себеп 1221-жылғы Шынғыс хан ләшкерлери тәрепинен қыйратылғаны ҳақыйқатқа сәйкес келеди.

Орыс илимпазы П.Иванов ол дәўирлерде қарақалпақ атамасы болмаса да ҳәзирги усы халықтың тийкарын қураған урыўлар қурамында болған, деген пикирди алға сүреди [8:35]. Хорезм мәмлекетинде Қыпшақ қәўими ҳәм Маңғыт, Қаңлы ҳәм басқалар жасады. Ә.Тәжимуратовтың пикиринше, сол дәўирде ҳәзирги қарақалпақлар үлкен қәўимлердиң қурамында болған деген болжаў шынлыққа келеди. Сол дәўирдеги атамалар Қыпшақ, Қаңлы, Маңғыт ҳәзирги қарақалпақлардың ишинде алдыңғы ири урыў аты сыпатында сақланып келмекте [1:57].

“Қарақалпақ” қосығының және бир вариантында Хорезм журтынан көшкен қарақалпақлардың Байсынға үш ай жол басып барғанлығы айтылады:

Қарақалпақтың ҳаслын сорсаң арапты,
Әмир, патшасынан көрди азапты,
Қырық мың әскер менен Гөнени шапты,
Зулымлыққа көнбей көшти, қарақалпақ.
Бийгуна төгилди адамның қаны,
Өрлеп жағалады Әмиўдәрьяны,
Жийдели-Байсын Қоңыраттың мәканы,
Үш айдай жол жүрип барды, қарақалпақ.[3:321].

Қосықта айтылған Әмир патшалығы Бухарада болды, сондай-ақ, монғол басқыншылары ҳәм Самарқанд патшалығының әскер басшыларын ҳәкимлер әмирлер деп те атаған. Булардың барлығы өз дәўиринде Хорезм мәмлекети менен татыў жасамағанлығынан дәрек береди. Бул бизге тарийхтан да белгили. Хорезмшаҳ империясы менен Әмирлер ортасында мудамы қанлы урыслар, қырғын келтириўши атланыслар болып турған. Әмирлерден, әсиресе, монғол басқыншыларының Хорезм мәмлекетине, оның орайы Гөне Үргенишке қайта-қайта ҳүжим еткен дәўири XIII әсир биринши ярымына туўра келеди. Ол пайытта Хорезм мәмлекети де күшейип турған еди.

Демек, халық аўзында жасап келген қосықлар тарийхый мағлыўматлар менен сәйкес келеди.

20 куплет, 80 қатардан ибарат “Байсынға” қосығының пайда болғанына дерлик сегиз әсир толмақта. Формасына көре, 7-8 буўыннан, 4қатарлы куплеттен ибарат бул қосық **а, а, а, б** биргелкили уйқасқа қурылған. Формасы ҳәм мазмунына көре тарийхый қосық жанрына толық сәйкес келеди. Демек, қарақалпақ халық тарийхый қосықлары XIII әсирден-ақ пайда болған, деген жуўмаққа келиў мүмкин.

Әлбетте, әсирлер даўамында қосық формалық жақтан өзгерислерге ушыраған болыўы мүмкин, лекин онда тийкарғы мазмун сақланып қалған. Улыўма алғанда, бул тарийхый қосық арқалы халықтың қуры еске түсириўи емес, ал тарийхы белгиленбекте. Қосықта тарийхый ўақыялардың анық ўақты көрсетилмесе де, қарақалпақлардың XIII әсир басында Байсынға қарай көшкенлиги анық көринеди.

**Әдебиятлар**

1. Тәжимуратов Ә. Қарақалпақ халық қосықлары. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1965, 399-б.
2. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: “Қарақалпақстан”, 1988, 489-б.
3. Ziya Kurter. Karakalpak. - İs Mathaacılık ve Ticaret. 1974.
4. Абулгази. Родословное древо тюрков. -Казань: 1906. -С. 245.
5. Қарақалпақ фольклоры. – Нөкис: “Илим”. 2015. 544-б
6. Қамалов С. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетлигиниң тарийхынан. – Нөкис: 2001, 75-б.
7. ӨзФА ҚҚб, Р-1311, Инв.- №184006
8. Иванов П.П. Материалы по истории каракалпаков. М.: Изд-во Акад. наук СССР, 1935, -С.299.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада XIII асрнинг биринчи чорагида Чингизхон лашкарларининг истилоси туфайли вайрон бўлган Хоразм юртидан Бойсунга қараб кўчган қорақалпоқлар тўғрисида маълумот берилади. Ушбу даврга оид тарихда қорақалпоқларнинг турмуши тўғрисида маълумотлар кам. Аммо халқ оғзида сақланиб қолган фольклор асарлари, жумладан тарихий қўшиқлар бу борада анча бой тарихий манба вазифасини бажаради. "Бойсунга" номли қўшиқ бундан қарийб 800 йил аввал яратилган. Чингизхон 1221 йилда Хоразм давлати пойтахти Гурганж (Урганч)ни босиб олиб, буюк шаҳарни сув остида қолдирди. Ҳудудда ирригацион тизим издан чиқади ва халқ бошқа жойларга кўчишга мажбур бўлади. Орадан шунча йиллар ўтган бўлса ҳам қўшиқ бугунги кунга қадар яхши сақланиб келган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье приводятся сведения о каракалпаках, которые мигрировали из Хорезма в Байсун, который был разрушен в первой четверти XIII века из-за вторжения войск Чингисхана. В истории этого периода мало информации о жизни каракалпаков. Однако фольклорные произведения, в том числе и исторические песни, сохранившиеся в устах народа, служат гораздо более богатым историческим источником в этом отношении. Песня "Байсынга" была создана почти 800 лет назад. В 1221 году Чингисхан покорил Гургандж (Ургенч), столицу Хорезмского государства, и затопил великий город. Ирригационная система в этом районе была нарушена, и люди были вынуждены переехать. Несмотря на то, что прошло много лет, песня хорошо сохранилась до наших дней.

**SUMMARY**

The article provides information about the Karakalpaks who migrated from Khorezm to Baysun, which was destroyed in the first quarter of the 13th century due to the invasion of Genghis Khan's troops. In the history of this period there is little information about the life of the Karakalpaks. However, folklore works, including historical songs preserved in the mouths of the people, serve as a much richer historical source in this regard. The song "Baysinga" was created almost 800 years ago. In 1221, Genghis Khan conquered Gurganj (Urgench), the capital of the Khorezm state, and flooded the great city. The irrigation system in the area was disrupted, and people were forced to move. Despite the fact that many years have passed, the song is well preserved to this day.

## ТАРИЙХЫЙ ҚОСЫҚЛАР – ХАЛЫҚ ҚОСЫҚЛАРЫНЫҢ АЙРЫҚША БИР ТҮРИ СЫПАТЫНДА

**Е.Е.Қанаатов –** *докторант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** тарихий қўшиқ, тарихий жир, лирик қўшиқлар, эпик қўшиқлар, жанрлар таснифи.

**Ключевые слова:** историческая песня, исторические песнопения, лирическая песня, эпическая песня, классификация жанров.

**Key words:** historical song, historical singing, lyric song, epic song, classification of genres.

Тарийхый қосық халық турмысында болып өткен ўақыялар тийкарында қурылады. Бирақ, ўақыяның басланыўы, даўам етиў, келисимге келиў себеплерин дизбеклеп сөз етпейди. Сол тарийхый ўақыяның орны тек атамалар арқалы ғана ықшамлы бир сюжетке қурылады. Онда тарийхый конфликт арқалы халық қаҳарманының гүреси лирикалық шеберлик пенен сүўретленеди.

Тарийхый қосықлар, тийкарынан, ўақыя болып атырған ўақытта туўылып, онда қосық мазмуны ўақыяның себеп-ақыбетлерин түсиндириўге бағдарланған болады. Тарийхый қосықлар дегенде тарийхый жыр-толғаўларды түсинбеў керек. Тематикалық жақтан тарийхый ўақыяларға қурылғаны менен, жанрлық жақтан тарийхый қосықтың тарийхый жыр ҳәм толғаўдан өзине тән өзиншеликлери бар.

Әлбетте, бул сыяқлы тарийхый поэзия үлгилерин жанрлық жақтан ажыратыўда еле берин анық бир тоқтамға келмегенлиги басқа халықлар фольклортаныўы мысалында да көзге тасланады.

Мәселен, «В.Пропп орыс халқының тарийхый қосықлары жанрын анықлаў процесинде тарийхый қосық жанрын «таза» түринде анықлаў мүмкин емеслигин мойынлаған еди,-деп жазады қазақ фольклортаныўшысы Е.Турсынов:–Егер, жанр дегенди поэзияның азлы-кем тутас белгилери менен анықлайтуғын болсақ, тарийхый қосықларды жанр ретинде улыўма топарларға бөле алмаймыз... Деген менен, тарийхый қосықлар жанр түринде болмаса да, тарийхый мазмунға қурылыўы жағынан ортақ, бирақ ҳәр қыйлы дәўирлерде пайда болып, ҳәр түрли белгиде тараған бир неше жанрлардың қосындысы [1]». Усы пикир қарақалпақ тарийхый қосықларына да тийисли. Алайық, жыр-толғаўлардың ишинде қосық үлгилери де ушырасып турады. Сондай-ақ, балалар қосықларында да тарийхый жыр үлгилери ушырасып турады ҳәм т.б. Мәселен, қарақалпақ фольклорын ең дәслеп классификациялаўда белгили қарақалпақ фольклортаныўшылары Қ.Айымбетов ҳәм О.Кожуров термелерди нақыл-мақаллар менен [2:79-80] бирге алып қараған болса, атақлы илимпаз Н.Дәўқараев айтысларды [3:131-133] қосықлар топарына киргизген ҳәм т.б.

Қарақалпақ фольклорында қосықлар топарында еле берин жанрлар турақласып болынды деп айтыў қыйын. Мәселен, тарийхый қосықлар фонында тарийхый жыр ҳәм толғаўларды түсиниў байқалады.

Деген менен, тарийхый қосықлар менен тарийхый жырдың, толғаўдың айырмашылығы бар.

Қосық – төрт қатарлы, белгили уғымға ийе, өзине тән болған ырғақ, өлшем бирликлерин сақлаған адам сезгисин баян ететуғын шығарма. Қосық бир, еки ямаса бирнеше шуўмақлардан ибарат болыўы мүмкин. Егер, ол узақ созылып, көлемли сюжетлик ўақыяларды баянласа эпикалық шығармаға айланады [4:179].

Қосықлар өзиниң пайда болыўы жағынан фольклордың ең ески жанрларынан бири болса керек. Қосық қайсы халық болмасын, оның руўхый дүньясының ең бай ғәзийнеси болып есапланады [5:75].

Қарақалпақ әдебияттаныў ҳәм фольклористика илиминде қосықлар ҳаққында: «...адамзат турмысының ҳәр қыйлы темаларына арналған 7-8 яки 11 буўынлы бир өлшемде рифмаласқан, төрт қатардан туратуғын, куплетлердиң жыйынтығынан ибарат белгили бир намада музыкалық әсбаптың жәрдеми менен ҳәм оның жәрдемисиз айтылатуғын поэзиялық шығармаларға айтамыз» делинеди [6:56].

Тарийхый қосықлар қарақалпақ халық қосықларының бир түри саналады. Фольклордағы тарийхый қосықлар - болып өткен белгили бир тарийхый ўақыяға байланыслы дөреген шығарма. Лекин, онда тарийхый ўақыя тутас қамтып алынбайды, ал ўақыяның базыбир тәреплерин өз ишине алып, халық поэзиясының сүўретлеў усылы менен өзинше баянлайды.

«Тарийхый қосықлар көбинесе бақсылар тәрепинен дуўтар менен атқарылса, тарийхый жыр ҳәм тарийхый толғаўлар жыраўлар тәрепинен қобыз бенен атқарылады. Соны да есапқа алыў керек, жыраўлар тәрепинен атқарылатуғын шығармалар бақсылардың да репертуары болыўы, ал бақсылар тәрепинен атқарылатуғын шығармалардың гейпаралары жыраўлар тәрепинен қобыз бенен де атқарылыўы мүмкин» [7:5].

Тарийхый қосықлардың көлеми қысқа, эскиз сыяқлы болып келеди ҳәм узын ўақыяның ишинен тек сол қосықтың идеясын ашатуғын пайытларды ғана саралап көрсетеди. Жәнe соның өзи көркем тил ҳәм тәсирли сезим менен өрилип келип, лирикалық планда бериледи [8:248].

Солай екен, тарийхый қосық лирикалық қосықлар түрине жататуғын болса, тарийхый жыр өзине тән айтылыў өзгешеликлери, мазмуны ҳәм формасы жағынан эпикалық дөретпелерге жатады. Онда эпосқа тән белгилердиң бәрин табыўға болады.

Тарийхый қосықтағы жәмийетлик психология эпикалық жырға тәсир жасап, дәўир қаҳарманының образын жасаўға хызмет етеди. Солайынша тарийхый